PENILAIAN TENGAH SEMESTER GENAP
SEKOLAH DASAR NEGERI CIBULUH 4
TAHUN PELAJARAN 2020/2021

Mata Pelajaran	**:**	**Bahasa dan Sastra Sunda**	**Hari, Tanggal**	**:**	**Jumat, 12 Maret 2021**
Kelas	**:**	**VI (Enam)**	**Waktu**	**:**	**Jam Ke 1**

No Absen	Nama Siswa	Nilai	Paraf Guru	Paraf Orang Tua

I. Cakra (X) aksara a, b, c atawa d anu aya dihareupeun jawaban pangbenerna !

Titénan wacana dihandap ieu!
Pikeun ngajawab soal nomor 1 - 5

Ekonomi Kréatif Tasikmalaya

Kota Batik kuduna mah lain julukan keur kota Pekalongan, Jawa Tengah, tapi keur kota Tasikmalaya, Jawa Barat. Naha? Industri batik di Tasikmalaya geus mekar ti taun 1900-an mula. Diadegkeunana Koperasi Mitra Batik dina tanggal 17 Januari 1939 némbongkeun tumuwuhna industri batik di Tasikmalaya mesat pisan nepi ka perlu wadah organisasi pengusahana.

Munggaran antara taun 1960-an - 1970-an anggotana ngahontal 20 urang. Beuki lila jumlah anggotana beuki loba waé. Jaman Jepang, Mitra Batik angger nagen. Kitu deui jaman révolusi. Nguniangna pisan ti awal taun 1950-an. Antara taun 1960-an - 1970-an industri batik di Tasikmalaya ngahontal kajayaanana. Ngan ti mimiti taun1980-an, batik di Tasikmalaya kakalicesan, kasaéngan ku batik buatan pabrik.

1. Industri batik di Tasikmalaya geus mekar ti taun ...
   a. 1900 c. 2000
   b. 1800 d. 1750

2. Koperasi Mitra Batik di Tasikmalaya ngadeg dina tanggal ...
   a. 17 Juni 1939 c. 18 Juli 1939
   b. 17 Januari 1939 d. 18 Juni 1939

3. Industri batik di Tasikmalaya nguniangna pisan ti awal taun ...
   a. 1970 c. 1950
   b. 1960 d. 1945

4. Antara taun 1960-an nepi ka 1970-an industri batik di Tasikmalaya kakalicesan, kusabab ...
   a. Industri batik di Tasikmalaya mesat pisan nepi ka perlu wadah organisasi pengusahana
   b. Antara taun 1960-an nepi ka 1970-an anggotana ngahontal 20 urang
   c. Jaman Jepang Mitra Batik angger nagen kitu deui jaman revolusi
   d. Industri batik di Tasikmalaya kasaengan ku batik buatan pabrik

5. Antara taun 1960-an nepi ka 1970-an Industri batik di Tasikmalaya anggotana ngahontal ...
   a. 20 urang c. 40 urang
   b. 30 urang d. 50 urang

6. Kalimah dihandap nu kaasup kana istilah perdagangan nyaeta ...
   a. Kadaharan minangka oléh-oléh ka nu nyaba ka hiji kota wisata
   b. Kiripik Ma Icih dijual dina mobil nu diparkir di sisi jalan liliwatan nu pariknik
   c. Kaséhatan huntu jeung baham téh pohara pentingna
   d. Baréto pasawahan di Karawang téh lega upluk-aplak

7. Titénan teks dihandap ieu!

LIVEWORKSHEETS

Taun 2010, Réza mimiti gawé bareng jeung produsén kiripik lada jeung baso goréng di kota Cimahi. Kagiatan produksina sacara komérsial minangka industri rumah tangga nu sacara resmi maké ngaran CV. 29 Synérgi. Réza Nurhilman mimiti ngajual sacara *Word-of-Mouth* jeung maké "jejaring sosial" *twitter* akun pribadi.

Dina teks diluhur nu teu kaasup kana istilah perdagangan nyaeta ...
a. produsén
b. produksi
c. gawé
d. ngajual

8. Kecap nu kasup kana istilah perdagangan nyaeta ...
   a. Produsén, icalan, jeung piknik
   b. Produksi, konsumen, jeung dahar
   c. Konsumen, distributor, jeung tradisi
   d. Distribusi, produsén, jeung barter

9. Naha kota Tasik disebut kota batik

   Tanda baca nu merenah pikeun ngelengkepan kalimah diluhur nyaeta ...
   a. Tanda tanya (?)
   b. Tanda seru (!)
   c. Tanda titik (.)
   d. Tanda Koma (.)

10. Dina ngagunakeun sosial media urang ulah nyebarkeun fitnah atawa warta palsu.

    Paribasa pikeun ngalapkeun kalimah diluhur nyaeta ...
    a. Tarajé nangeuh dulang tinandé
    b. Ulah ngaliarkeun taleus ateul
    c. Nyaur kudu diukur nyabda kudu diunggang
    d. Ka cai jadi saleuwi, ka darat jadi salogak

11. *"Ka lanceuk téh maméh mah kawas ka nu lian baé".*

    Anu kaasup kecap sawanda tina kecap *lian* nyaeta ...
    a. béda
    b. sarua
    c. séjén
    d. Deungeun

Tengetan Paguneman dihandap!

Zahra : "Assalamu'alikum punten tiasa nyuhunkeun waktosna sakedap Kang!. Abdi hoyong wawancara perkawis padambelan Akang".
Wiyanto : "Wa'alaikumsalam,mangga.
Perkawis naon wae anu bade ditaroskeun?
Zahra : "Ti iraha akang mimiti usaha iyeu?"
Wiyanto : "Kinten-kinten dina taun 2003."
Zahra : "Kunaon akang leuwih hoyong kanausaha comro tibatan usaha anu sanes?"
Wiyanto : "Kumargi tina usaha jualan combro abdi leuwih regreg?. Ngamidamelna leuwih gampang. Abdi ngadamel comro dibantosan ku pun bojo sareung dua murangkalih abdi.
Zahra : "Baraha kilo sampeu anu diseepkeun dina sadintena, Kang?"
Wiyanto : "8kg."
Zahra : "Aya sedih gumbirana dina jualan combro?"
Wiyanto : "Ya pami rame untungna nasti nambah, pami jempling nya nasib.."
Wiyanto : "Rp200 rebu sadinten,eta tos beresih."
Zahra : "Aya kahoyong kapayuna usaha akang iyeu?"
Wiyanto : "Tiasa leuwih ageung,ningkatkeun pelayanan anu aya.Sareng insya Allah hoyong ibadah haji!"
Zahra : "Sumuhun, mugia dikabul nya kang! Amin. sakitu wawancara ti simkuring! Hapunten pami aya kalepatan sareng ngaganggu waktos akang!"
Wiyanto : "Hatur nuhun pidoana sareng sami-sami."

12. Palaku dina paguneman di luhur nyaeta ....
    a. 1 urang
    b. 2 urang
    c. 4 urang
    d. 6 urang

13. Narasumber anu diwawancara nyaeta....
    a. Zahra jeung Wiyanto
    b. Zahra
    c. Wiyanto
    d. Wiyanto jeung Zahra

LIVEWORKSHEETS

14. Kauntungan padagang combro nyaeta ...
    a. 200 ribu sapoe
    b. 300 ribu sapoe
    c. 250 ribu sapoe
    d. 400 ribu sapoe

15. Anu ngabantosan ngadambel combro nyaeta ...
    a. Wiyanto
    b. Pun bojo sareng dua murangkalihna
    c. Zahra
    d. Wiyanto, pun bojo sareng dua murangkalihna

16. Kawas hayam keur endogan.

    Harti paribasa diluhur nyaeta ...
    a. Nu sahandapeun mapatahan ka nu saluhureun
    b. Ari ka batur bageur, ari ka dulur medit
    c. Kasusah atawa karerepet anu tumiba ka dulur, baraya atawa sobat, balukarna ngabingungkeun atawa nyusahkeun ka sarerea
    d. Ciling-cingcat bae, teu bisa cicing

17. "Sanggeus diitung geuning tangkal kai teh ngan tinggal salikur deui".

    Salikur teh jumlahna ...
    a. 21
    b. 20
    c. 12
    d. 10

18. Jaman baheula mah nyangu teh sok make aseupan.

    Aseupan teh nyaeta ...
    a. pakakas masak pikeun ngabersihan béas
    b. wadah paranti ngasakan sangu
    c. parabot dapur paranti ngakeul sangu dijieuna tina kai
    d. alat keur ngageberan sangu nalika diakeul

19. Budi keur maca buku di imah.

    Nu kaasup jejer dina kalimah diluhur nyaeta ...
    a. Buku
    b. Imah
    c. Budi
    d. maca

20. Teh Nana mendak artos di jalan.

    Caritaan atawa predikat dina kalimah diluhur nyaeta ...
    a. Teh Nana
    b. Jalan
    c. Artos
    d. Mendak

LIVEWORKSHEETS

II. Eusian titik-titik di handap sing merenah!

Sajak

AKI JEUNG BALON

Karya: Ami Raksanagara

Beurat teuing léngkah aki ngukur jalan
Kota Bandung geus biasa ku aki mah dilengkahan
Dibaturan ku sobat ngaran rancatan
Anu rantuy digantungan barang-barang kaulinan

Kakapalan, kukudaan, tarompét henteu tinggaleun
Geus biasa unggal poé ka unggal budak nawarkeun
Ujang, eulis ieuh tingali barang aki
Geura galeuh keur ameng engké di bumi

Aki, aki abdi mah da hoyong balon
Deudeuh teuing kasép di aki mah henteu aya
Niupna gé aki mah geus teu kawasa
Ripuh teuing da kedah nganggo tanaga
Ari aki sakieu nya kakolotan

Mending ogé kasép ieu yeuh kokolécéran
Lamun angin muterna téh aduh jeung tarik pisan
Resep teuing engké ameng lulumpatan

Aki! Kadieu! Kétang da abdi mah moal meuli
Ulah kitu kasép bet abong ka aki-aki
Ceuk sepuh mah kasép ngaheureuyan téh pamali

Hiji dua léngkahna teuing ku beurat
Aya haté milu lewang paur umurna bret pegat
Teuing di mana si aki tetep nya matuh
Boa dina iuh tanjung atawa dipayung layung
Ngan nu nyata kulitna asak kapoé

Aki, mun ngajoprak sisi jalan saha teuing nu nulungan
Aki, mun ngajoprak di jambatan di mana nya pamatuhan
Aki, mun umur pegat di jalan saha nu ngarawatan
Aki, aki rék ka mana lamun panonpoé saré

21. Ngaran kota nu aya dina sajak diluhur nyaeta ...

22. Barang nu dijual ku Aki nyaeta ...

23. Nu ngabaturan Aki teh nyaeta ...

24. Kagiatan nganteurkeun barang ti produsen ka konsumen nyaeta ...

25. Usaha anyaman tina awi mah batina lumayan.
    Kecap *bati* hartina ...

26. Teu sawios atuh tuang sareng *lalab* oge asal nikmat we.
    Lalab hartina ...

27. Rambutan teh lamun keur murah mah hargana salaksa meunang tilu beungkeut.
    Harti salaksa nyaeta ...

28. ... bade ka cipanas teh?
    Kecap panaya pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nyaeta...

29. Kecap *dimana* gunana pikeun nuduhkeun ...

LIVEWORKSHEETS

30. Kunaonnya dina Islam mah daging babi teh teu halal?
Dina kalimah diluhur, kecap nu kaasup kana kecap serepan tina basa Arab nyaeta ...

III. Pigawé soal dihandap luyu jeung paréntahna!

Titénan wacana dihandap ieu!

Réstoran Sunda

Kiwari rumah makan Sunda dug-deg di mamana. Ngaran-ngaran nu nyunda atawa istilah Sunda di réstoran Sunda sok ditulis dina plang, sangkan nu rék nyimpang apal kana papasakan naon nu disadiakeun atawa dijual di dinya. Aya ogé nu nuliskeun papasakan has cara nu mandiri jeung jadi papasakan kokojo cara pindang, sangu timbel atawa sop buntut. Masing-masing réstoran némbongkeun kabisana dina soal papasakan has Sunda. Sagala kadaharan nu geus jadi ciri has masarakat Sunda dijarieun kaasup nu kawilang langka cara sangu tutug oncom, pencok kacang panjang, malah aya nu nyadiakeun piritan lauk sagala. Lian ti nyadiakeun papasakan has, di réstoran-réstoran nu tangtu, malah cara ngawadahanana dina piring gé diréka-réka sangkan nyeni, sangkan nu daratang kataji. Sangu timbel nu asalna bekel ka kebon, ka sawah atawa bekel nyanyabaan, dibawa ka réstoran jadi menu has kumplit, kitu deui deungeunana.

31. Sebutkeun tilu informasi dina wacana diluhur!
Jawaban:

32. Sebutkeun 3 istilah perdagangan!
Jawaban:

LIVEWORKSHEETS

33. Naon hartina paribasa “Dagang oncom rancatan emas?”
    Jawaban:

34. Jieun kalimah make kecap dihandap!
    a. Dahar
    b. Diajar
    c. Meuli

    Jawaban:

35. Jieun paguneman mangrupa wawancara jeung tukang dagang!
    Jawaban:

LIVEWORKSHEETS